

# Enfòmasyon sou Kouvèti Asirans Chomaj Anplwaye

Non Konpanyi an

Nimewo ID DUA Konpanyi an

Adrès

Anplwaye biznis sa oswa òganizasyon an kouvri pa Asirans Chomaj (UI), yon pwogram finansye komplètman pa konpanyi Massachusetts. Pa gen okenn dedisyon k ap fèt sou salè w pou kouvri frè benefis Asirans Chomaj ou an.

Si ou ta pèdi travay ou, pètèt ou ka jwenn Asirans Chomaj lan. Enfòmasyon ou bezwen pou aplike pou benefis Asirans Chomaj make pi ba a. Avan ou anrejistre, patwon lan pral ba ou yon kopi ti livrè: Kijan pou Aplike pou Benefis Asirans Chomaj, ki founi pa Depatman Asistans Chomaj Massachusetts (DUA).

**Ou dwe Ozetazni, nan teritwa li yo oswa Okanada lè w ap ranpli yon fòm demann oswa lè w ap fè sètifikasyon pou benefis UI chak semèn yo.**

## Gen de fason pou aplike pou Benefis UI yo:

### Aplike lè w sèvi ak UI Online



UI Online se yon sistèm senesòf, fasil pou sèvi, fè poutèt ou. Ou ka aplike pou benefis, relouvri yon reklamasyon ki la deja, mande pou peyman benefis chak semèn, tchèke stati reklamasyon w lan, anrejistre pou depo direk, mete adrès ou ajou epi menm anrejistre yon apèl sou entènèt lan. Pou aplike pou benefis an sèvan ak UI Online, ale nan [mass.gov/dua](https://mass.gov/dua), chwazi UI Online pou Moun k ap Reklame epi ranpli enfòmasyon obligatwa yo pou anrejistre aplikasyon w lan.

### Rele Sant TeleClaim lan pou Aplike



Sèvis Asirans Chomaj disponib pa telefòn. Ou ka aplike pou benefis Asirans Chomaj, relouvri yon reklamasyon, jwenn enfòmasyon ajou sou stati reklamasyon w ak peyman benefis lan, rezoud pwoblèm epi anrejistre pou depo direk—tout sa yo pa telefòn. Pou aplike pou benefis yo pa telefòn, rele Sant TeleClaim lan nan **1 (877) 626-6800**. Epi ou pral konekte ak yon ajan ki pral pran enfòmasyon nesèsè pou anrejistre reklamasyon w lan.

This document contains important information. Please have it translated immediately.

В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.

Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.

تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يرجى ترجمتها فوراً.

Docikman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.

Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.

Este documento contém informações importantes. Por favor, traduza-lo imediatamente.

此文件含有重要信息。請立即找人翻譯。

본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.

Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.

ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນສໍາຄັນ. ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ ຢ່າງບໍ່ລີ້ຊ້າ.

ឯកសារនេះមានສູງຖິ້ມີສຳຄັນ ຢ່າງບໍ່ລີ້ຊ້າ ຯ

សូមបកប្រែវាជាបន្ទាន់ ។

Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.

EMPÒTAN: Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 151A, Seksyon 62A oblige ke avi sa afiche nan chak sit konpanyi a, nan yon kote tout moun ka woue l, kote li aksesib pou tout anplwaye yo. Fòk li enkli non ak adrès konpanyi a epi nimewo idantifikasyon ke Depatman Asistans Chomaj asinyen bay konpanyi an.

Yon konpanyi/pwogram opotinite egal. Èd ak sèvis sipleman tè disponib deske mande pou ede moun ki gen enfimite/maladi. Pou sèvis moun ki soud, rele 711.